

Lè Arive an _____

Dat Arive an _____

Doktè _____

830 Harrison Avenue, Boston MA 2^{zyèm} Etaj Pavyon Moakley an

Enstriksyon pou Preparasyon Kolonoskopi nan Maten

Jodi an

- Planifye jounen poz ou pou jou kolonoskopi ou an.
- Ou **DWE** gen yon akonpanyatè pou vin lopital lan epi mennen ou lakay ou apre kolonoskopi an pou ou ka kòmanse fè aranjman sa yo.

7 Jou Anvan Randevou Ou an

- Ranpli preskripsyon pou laksatif lan. Si ou pa genyen I rele navigatè pasyan yo (nimewo an anba).
- Sispann** pran konprime pou fè. Miltivitamin yo **ka** pousuiv.
- Si ou ap pran Coumadin/Warfarin oswa nenpòt lòt kalite anti-kowagilan** tanpri rele doktè swen prensipal/Klinik Coumadin ou an jodi an pou enstriksyon sou desizyon pou kanpe medikaman an anvan pwosedi ou an.



2 Jou Anvan Randevou Ou an

Tanpri inyore tout lòt enstriksyon pou al nan twalèt nan men okenn lòt sous sa gen ladan I famasyen, notis ki sou anbalaj medikaman yo, zanmi/fanmi ak entènèt lan.)

- Bwè omwen 8 vè dlo jodi an.
- SISPANN manje aliman ki rich ak fib tankou legim ak pwa** jouk apre kolonoskopi ou an. Ou ka manje tout lòt kalite aliman jodi an.

Jou Anvan Randevou Ou an

- TOUT JOUNEN AN JODI AN SUIV YON REJIM STRIK LIKID KI KLÈ. PA MANJE OKENN MANJE OSWA LIKID KI EPÈ DITOU!!** Egzanp likid ki klè yo se: dlo, ji pòm, bouyon(SE PA SOUP KI GEN BAGAY LADAN L) Jell-O, te/kafe **san** lèt/krèm, soda, bwason pou espò, ak baton krèm, men **anyen ki gen koulè wouj**.



- 6 PM** Mete likid laksatif ki melanje an anndan frijidè pou I glase (san glas).
- 8 PM** Bwèmwatye nan Likid Laksatif lan - 1 tas chak 10-15 minit.

Jou Randevou Ou an

- 6 èdtan anvan lè randevou ou an**, bwè mwatye nan likid laksatif ki rete an. Ou dwe fini I omwen **2 èdtan anvan** kolonoskopi an (fini I 3 a 5 èdtan anvan pi bon).
- Si ou gen dyabèt:** Pran mwatye nan dòz ensilin ou an nan jou pwosedi an epi sote konprime pou dyabèt yo amwenske yo di ou yon lòt bagay. Ou ta dwe verifye nivo glikoz ou nan maten.
- Pran tout medikaman regilye ou yo** omwen 2 èdtan anvan tès ou an.
- Sispann** pran anyen nan bouch ou, sa gen ladan I likid ki klè, omwen 2 èdtan anvan kolonoskopi an.

Si ou pa ka kenbe randevou sa a tanpri rele 617-414-2600.

Si ou gen nenpòt kesyon tanpri kontakte Navigatè Pasyan yo nan 617-414-2494/617-414-2640